

**KONTWÒL KANTITE SIK NAN SAN, BEZWEN POU ADMINISTRE MEDIKAMAN
AK POU SWIV YON REJIM ALIMANTÈ :
KONSANTMAN, OTORIZASYON PARAN OUBYEN GADYEN LEGAL BAY
POU ANE ESKOLÈ 2009-2010**

Nan dokiman sa a m ap otorize pou yo : kontwòle kantite sik nan san pitit mwen an ak bezwen pou l swiv yon dyèt, 2) ofri l tretman doktè preskri l ak 3) bay li ti bagay pou pase nan bouch li nan lekòl la pou trete l lekòl kantite sik nan san li bese twòp dapre preskripsyon doktè pitit mwen an ke mwen mete ansanm avèk dokiman sa a. Mwen rekonèt mwen dwe founi tout ekipman, medikaman ak bagay pou pase nan bouch ki nesèsè, epi tou mwen dwe avèti imedyatman direktè lekòl la oswa reprezantan li (yo) oswa espesyalman enfimyè lekòl la lè gen nenpòt chanjman nan preskripsyon an oswa nan ransèyman ki endike pi wo a.

Mwen rekonèt ke Otorizasyon sa a valab sèlman jiska : (1) 30 jen 2010; (Yo ka pwolonje preskripsyon sa a jiska mwa Out si elèv la nan yon pwogram enstriksyon pandan ete ke Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) ("Depatman" an) ap finanse; oswa (2) lè mwen bay direktè a/direktis la, reprezantan l ak enfimyè lekòl la yon nouvo preskripsyon oswa nouvo ransèyman ke doktè pitit mwen an bay konsènan fason pou kontwòle kantite sik nan san pitit mwen an ak pou fè tretman li preskri pi wo a.

Mwen rekonèt Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE), Depatman an, ak moun ki reprezante l yo, ak Depatman Sante ak l'jyèn mantal *Department of Health and Mental Hygiene* (DOHMH) gen responsablite garanti yon anvivonman sandanje nan enfimri a ak tout lòt kote pitit mwen an ka teste nivo sik nan san li. M ap fè tout efò pou bay lekòl la lansèt ak lòt ekipman pou pèmèt antre zegwi yo ak plis fasilite pou kontwòle kantite sik nan san pitit mwen an ak pou administre l ensilin.

Depi mwen soumèt Fòmilè pou administre medikaman ba moun ki gen sik, m ap mande pou Depatman an ak Depatman Sante ak l'jyèn mantal vil Nouyòk *New York City Department of Health and Mental Hygiene* (NYCDOHMH bay pitit mwen an sèvis lasante espesifik) pa lentèmedyè Biwo pou Sante nan lekòl *Office of School Health* (OSH). Mwen rekonèt ke sèvis sa yo ka egzije yon doktè OSH evalye fason pitit mwen an reyaji ak medikaman yo preskri l la. Mwen bay tout enfòmasyon ak ransèyman yo okonplè osijè fòmilitè pou bay pitit mwen an sèvis lasante mwen mande nan fòmilè sa a. Mwen rekonèt Depatman an, DOHMH ak moun ki reprezante yo ak anplwaye k ap founi sèvis lasante mwen mande pi wo (a) yo, ap baze yo sou enfòmasyon egzak ak ransèyman mwen bay nan fòmilè sa a. Mwen vle pou pitit mwen an resevwa sèvis lasante a (yo) dapre enfòmasyon ak ransèyman mwen bay nan fòmilè sa a. Mwen konnen tou ke Depatman an, DOHMH ak moun ki reprezante yo pa responsab pou okenn move reyaksyon medikaman sa a ta ka pwovoke.

Mwen rekonèt fòm sa a pa reprezante yon kontra ak Depatman an oswa DOHMH pou bay sèvis mwen mande yo, men li reprezante pito demann mwen fè, konsantman ak otorizasyon mwen bay pou sèvis sa yo. Si yo deside sèvis sa yo nesèsè, li ka nesèsè pou tabli yon plan akomodasyon pou elèv la tou, epi se lekòl la ki pral mete l anplas.

Nan dokiman sa a, mwen otorize Depatman an, DOHMH ak anplwaye yo, ak moun ki reprezante yo pou yo kontakte, mande avi tout founisè swen lasante oswa famasyon, oubyen toude e founisè e famasyon, epi pou yo jwenn tout lòt enfòmasyon yo ka panse ki apwopriye osijè eta sante pitit mwen an, medikaman l ap pran yo oswa tretman l ap swiv yo.

Tanpri ekri pi ba a ak lèt detache Non Paran/Gadyen legal :

Siyati Paran/Gadyen legal

Dat ou siyen fòm lan

No. telefòn pou moun rele w pandan lajounen/

No. Telefòn lakay ou

**PA EKRI PI BA A (SE SÈL ANPLWAYE DOE AK DOHMH SÈLMAN KI POU EKRI PI BA A
DO NOT WRITE BELOW (FOR DOE AND DOHMH ONLY))**

Student's Name: _____

OSIS No: _____

Received by: _____
Name Date

Reviewed by: _____
Name Date

Referred to School 504 Coordinator: Yes No

Self-Monitors: Yes No

Services provided by: Nurse DOHMH Public Health Adv. School Based Clinic DOE School Staff

Signature and Title: _____
(RN OR SMD)

(Date school notified and form forwarded to DOE liaison)